# Нур

ISSN 0207-6551

11

2016

6+



# Бзэгъэбзэрабзэ

*ІуэрыІуатэ*



Дыгъэгъазэм зыщигъазэм,
Дыгъэр щыгъуазэти,
Зыкъигъазэри нэбзийкІэ
Къабзийм къебзейри зибзеижащ...

Дыгъэ къепсым сыкърыгъэпсри
Си нэпсыр ткІуэпс-ткІуэпсу
КъыщІигъэпсыпсащ...

Бахъсэныпсым Махуэгъэпсыр
ИлъэскІэ илъэсри,
Зыри къыщылъымысым,
Лъэсу къэкІуэсэжащ...

Іэпхъуалъэ фІыцІэ –
Псырылъэ цІу,
Псырылъэ фІыцІэ –
Іэпхъуалъэ цІу.



Ди пщIэгъуалэжьыр
КIагуэ пэхущ, кIапэ хужьщ,
КIэмажьэкIэщ, псы кIэнтхъ ифщ,
ПсыIуфэрыхъущ.

Мо банапцIэм сыкъелъэ-сынелъэ,
Мо баналъэм сыкъепкIэ-сынепкIэ,
СызыхэпкIэ банэ гъур,
Банэ папцIэ, мей цIынафэ.

Ди губгъуэр Iэбгъахъуэ хъупIэщ,
Жыг щхьэбгъуэ абгъуальэщ,
Тхьэрыкъуэ гъуэлъхьэпIэщ...

КIыгуугур хьэгуагуэ?
ХьэкIагуэ кIыгуугу?

Лыбжьалъэ плъыжьыбзиплIым
Шыбжиищхьэ плъыжьыбзиплI къоплъ.

Зыгъэхьэзырар
***ХЬЭТУ Пётрщ***

*Тхакlуэ **ДУДАР Хьэутий** и ныбжьыр илъэс 95-рэ ирикъунут мы гъэм. Балигъыми сабийми зэхуэдэу ягу дыхьа тхакlуэм гушыlэ дахэ хэлът и тхыгъэхэм.*

***ДУДАР Хьэутий***

# ДАДЭЖЬ-ЦIЫКIУРЭ НАНЭ-ЦIЫКIУЖЬЕЙРЭ

*Таурыхъ*

Лlыжь-фызыжь гуэр зэщхьэгъусэу псэурт. Лlыжьыр лъахъшэжь цlыкlутl, фызыжьыр нэхъ цlыкlужт. Абы щхьэкlэ лlыжьым псори къызэреджэр «Дадэжь-Цlыкlутl», фызыжьым – «Нанэ-Цlыкlужьейт». Езы тlури арат зэрызэджэжыр. Дадэжь-Цlыкlу дунейм къызэрытехъуэрэ хьэрычэтыншэт[1]. Абы къыхэкlыуи берычэтыншэт. Абы щхьэкlэ Нанэ-Цlыкlужьей и щхьэгъусэр жьэкlэ унэм щlишхыхьырт. Ауэ ар зэрышхыдэр Дадэжь-Цlыкlу мыщэ хьэ ебэнауэ кьыщыхьутэкъым. Махуэ псом ар бжыхь джабэм кlэрыст, баш цlыкlу иупсрэ абыкlэ и зэш тригъэууэ.

Махуэ гуэрым Нанэ-Цlыкlужьей и щхьэгъусэм щыхьащ: «Уа, сыту узэlурамылъхьэж мыгъуэ, Дадэжь-Цlыкlу! Сыту ухьэрычэтыншэ дыдэ гущэ! Сытуи уберычэтыншэ, на-а! Афlэкlа лlыгъэ пхэмылъу дауэ узэрылlыр?!»

Дадэжь-Цlыкlу, губжьри, уафэм сабэ дрипхъеящ: – «Сэ си лlыгъэр здынэсыр уи нэкlэ уэзгъэлъагъужынкъэ, Нанэ-Цlыкlужьей!»

Лlыжь цlыкlур къыщылъэтри пщlантlэм дэжащ, и шыкlэ мафlэ егъэуауэ[2]. Ар щилъагъум, фызыжь цlыкlур гуфlащ. «Азалыхь, – жи абы,– иджыри кьэс зыкъызимыгъэщlа щхьэкlэ, мы Дадэжь-Цlыкlу лlыгъэ гъэтlылъа иlэу кьыщlэкlынум. Е-ей, ари ар!.. Ярэби, хьэрычэт гуэр ищlэу, берычэтыр и плlэм илъу къысхуэкlуэжыну арауэ пlэрэ-тlэ щlежэжьар?!»

Дадэжь-Цlыкlу, нэсаи-нэмысаи жэуэ, къэсыжащ, зы мывэджей къихьри.

– Сыту щlэхыщэ укъэсыжа, на-а-а. Дэнэ уздэщыlар?

– Псыхъуэм!

– Сыт-тlэ мы мывэжьри зищlысыр?

– Плъагъуркъэ? Мывопцlэщ![3]

– Мывопцlэр уи щхьэфэм ебдзыну, на-а-а?! – Нанэ-Цlыкlужьей и щхьэгъусэм хуолъ.

– Си джыдэ улъиягъэжь цlыкlур маисащхъуэу зэщlэслъыкlынущ, Нанэ-Цlыкlужьей!

– Джыдэ маисащхъуэм сыт щхьэкlэ ухуей хъуа, Дадэжь-Цlыкlу?

– Мэзым сыкlуэнурэ къазмакъ банэ хъушэжьу пызупщlынущ.

– Сыт, на-а, къазмакъ банэкlэ пщlэнур? – тепыlэжыркъым Нанэ-Цlыкlужьей.

– Ди къуажэ пщыжьым и мэл гуартэм я зекlуапlэ къуэ зэв цlыкlум и бгъуитlым щыхэссэнущ.

– Ар сыт щхьэкlэ, на-а-а?

– Гъатхэм пщыжьым и мэл гуартэр къыщыдахуэжкlэ, – жи Дадэжь-Цlыкlу, – къазмакъ банэм мэлхэм бацэ къафlезгъэлъэфынущ.

– Сыт, на-а-а, апхуэдиз бацэр зэрыпщlынур?

– Хъушэжьу щlакlуэ уэзгъэщlынущ, Нанэ-Цlыкlужьей!

[1] *Хьэрычэтыншэ* – зэфlэкlыгъэншэ (безинициативный, пассивный).
[2] *И шыкlэ мафlэ егъэуауэ* – псынщlэ дыдэу (побежал стремглав).
[3] *Мывопцlэ* – мывэупцlэ; сэ, джыдэ зэралъ мывэ (точильный камень).

– ИтӀанэ-щэ, Дадэжь-ЦӀыкӀу?

– ЩӀакӀуэхэр бзэзрым схьынурэ сщэнущ. Абы къыщӀэкӀа ахъшэмкӀэ выщӀэ джэмыдэ дэгъуитӀ къэсщэхунущ.

– Уо-о! Алыхьыразэ къыпхухъуи, Дадэжь-ЦӀыкӀу! – къэгуфӀэжыпащ Нанэ-ЦӀыкӀужьей. – Хэт и гугъэнт уэ апхуэдэ лӀыгъэ къызыкъуэпхыну?

– Ар си лӀыгъэм и къежьапӀэ къудейщ, – жеӀэри Дадэжь-ЦӀыкӀум зыхеш.

– КхъыӀэ-тӀэ, Дадэжь-ЦӀыкӀу, уи выщӀэ джэмыдитӀым си дыщ саригъэкӀуэж!

– Уафэ къащхъуэр згъэпцӀащ, уаризгъэкӀуэжым! СлӀожь, си выщӀэ джэмыдэ дэгъуитым гуэбэн[4] ебгъэщӀыну арат узыхуейр? – Дадэжь-ЦӀыкӀу губжьри мывопцӀэжьыр хыфӀидзэжащ.

[4] *Гуэбэн* – Ӏэпкълъэпкъыр узу ешын (переутомление)



*КХЪУЭХЪУ Тал Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ усакIуэщ. Ар сабийхэм зэрахуэусэр куэдым хуабжьу ягу ирохь. Иджы япэу Нурым къытыдодзэ и усэщIэхэри, фэри гурыхь фщыхъуну пIэрэ?*

# БЫРЫМБЫХУ

**КХЪУЭХЪУ Тал**



Дзадзэ дзыгъуэм
Дзэху[1] хуидзат,
Дзыгъуэр дзэхум
Едзэкъат.
Мыгуэдз хьэдзэт
Дзэхур, – гъущIт,
Дзыгъуэм и дзэм
ЖиIат «хъыщт».

Дзапэр тIууэ
Зэгуэхуат,
ДзитI къутахуэ
КъыIухуат...
Ар иIыгъыу
КIыщым кIуащ,
ГъукIэм мафIэм
ПэриIуащ.

Къэплъмэ, тыншу
ИупIэпIынт,
Гъэшын хуейми
IэкIуэ хъунт.
Арщхьэ, дэпыр
КъогуэщIэкI,
Къупщхьэ ткIуами
Iугъуэ щIокI...



ЩIэкIыр кIуэру
ЙокI уэнжакъ,
Хьэуа мэхъури
Бгъуэтмэ,-къэхь...
Дзыгъуэр Iугъуэм
И ужь йокI,
Гъуэ дыдж гуэрым
КIуэцIрокI...

Псэут абдежым
Бырымбыху,
Емыджа щхьэ
Куэд зыцIыху,
Дзэпкъи и дзи
Дыщэ гъуэжьт,
IэзэфIт. Псори
Хузэблэжт.

Зэм, гурыму
Акъуш[2]шыр
Бырымбыху деж
Къосыр.
Мылпыж пыткIум
Щэ щIэфар
Пыхусыху хъуауэ
Къопсыр.



Iэзэм занщIэу
Фо къегъуэт,
ЗэIех шэкIэ
ПIащIэу.
Акъуш шырым
Лъабэр фом
ХеIур гуфIэу
ЗанщIэу.



Ешхри-ешхыр
Мыщэм фор
Щхьэщыкlауэ
И псчэр.
ЩIофри-щIофыр
Лъабэ фом,
И гум дыхьэу
Хущхъуэр.

Пыхусыху хъуахэм
Бжьыныхушыпс
ЯрехьэлIэр
Iэзэм.
Игъэхъужу
Пэ кудар,
Зи пкъыр щIэлIэу
Къепсхэр.



Бырымбыхур
Хэт езыр?
НэжьгъущIыдзэ
И мылъхупхъущ.
Гъейшей къакIуэр
ЕгъэтIыс,
Къахуегъуэтыр
Псоми Iус.



Пщэдджыжь шхыныр
ХьэлIамэпсщ,
Шэджагъуашхэ
Хъуамэ,-
Мырамысэщ.
Шэ хьэкъуртщ
Вагъуэбашыр
Бламэ.

Дзагуэ шхыныр
ХуаупщэфI
ГъащIэр зыхьым
Дзакъэу.
ЩIакхъуэ вэгъур
Хэлъщ и пщIыхь
ДзэпэфIанэ
Дзахъэм...

...ДзэщIэ Iуту
КъеутIыпщыж
Бырымбыху
ШэрыпIыр...
Зэраншум иджы,
ЕуIу
Дзадзэ и
Лэгъупыр.

## Хьэндыркъуакъуэм и кIуэдыкIэ хъуар



Пыжьейм[3] пыжь
Пызыбзэу пытт,
Пыжьейм пыл
Дэплъейуэ щытт...
Пыл кIэнтIыIум
Благъуэ[4] илът,
Благъуэм и кIэр
Гъуамэжь[5] хэлът.

Хьэндыркъуакъуэ
Шэдым хэст,
Бэгыжауэ
Псы фIейм ест
Аргъуей уэдхэр
Зыжьэдидзэт,
Бадзэ хъейми
Зажьэхидзэт...



Благъуэм и кIэм
Ар допкIей,
И гущIыIур
ЕщI пкIэлъей.
ПкIэмэ - лъейурэ
Жасы хъуху,
Гугъу ехьащ
Пыжьейм нэсыху.

Пыл IупщIакIэм
Нэху къыщокI,
ПыжькIэ тхъэну
и нэ къокI.
Нэху зэрыщу
Жьэдэз ещI,
Благъуэ жейм
Гъунэгъу зыхуещI...



Псы шэдымэр
КъыкIэрех,
Благъуэм и нэр
Къызэтрех.
И1у кудауэ
Къызэщоу,
ИмыщIэххэу
Хущхьащ - Iэу!

Благъуэм и жьэ
ИущIам
Гъуамэжь фIэщIу,
ЖьэдэпкIам
Мис абдежым
Иухащ...
И таурыхъыр
Къытхуэнащ.

[1] Дзэху - гъущIхэкI (олово).
[2] Акъуш - мыщэ шыр.
[3] Пыжьей - жыг (терн).
[4] Благъуэ - крокодил.
[5] Гъуамэжь - шэдыпс (болото).

*Щlэныгъэлl, тхакlуэ **Хъуажь Фахъри** мы гъэм илъэс 70 ирикъуащ. Ди журналым чэнджэщэгъу хуэхъуу, къытхуэтхэу Фахъри къыддолажьэри, куэдрэ тхуэузыншэну дохъуэхъу!*

***ХЪУАЖЬ Фахъри***

# ХЭТ НЭХЬ ГУБЗЫГЪЭ?

Наурыз и анэшхуэмрэ и адэшхуэмрэ япlауэ жыпlэ хъунущ. Тlури хуабжьу къыщыгугът абы еджагъэшхуэ къыхэкlыну. Нанэм жиlэрт ар узыфэlэзэ дохутыр хъунурэ, и бгы узлъакъуэ узхэр хуигъэхъужыну, дадэми ар инженеру и нэгу къыщlигъыхьэт.

Наурыз – сабийм и пщlыхьэпlэхэри хъуэпсапlэхэмкlэ гъэнщlа хъуат – зэм узыфэкlэ lэзэу, зэм инженеру къэушыжырт. Зэзэмызи: «Уа, тlум хуэди сыхъу мыхъуну пlэрэ, узыфэlэзэу нанэ и узхэр хуэзгъэхъужу, икlи сыинженеррэ, дадэ зыхуейм хуэдэ унэ хуэсщlу?» Ауэ а хъуэпсапlэхэр езым и гум щигъафlэ мыхъумэ, зыми жриlэртэкъым, жиlэрэ хуэмыгъэзэщlэжмэ емыкlу хъунути.

Аурэ Наурыз и ныбжь нэсри, пэщlэдзэ еджапlэм щlагъэтlысхьащ. Ар сытым хуэдэу фlэфlу еджэрэт! Икlэщlыпlэкlэ узыфэlэзэ е енженер хъуну пlащlэрт.

Мазэ дэкlа, мазитl дэкlа, сытми, еджакlуэ цlыкlухэм хьэрфхэмрэ, бжыгъэхэмрэ зэхагъэкlыф хъууэ щlадзащ. Ахэр зэзыгъэщlахэм япэ итт Наурыз.

Зы махуэ гуэрым егъэджакlуэм, еджакlуэхэр иуплъэкlун хуейти, Наурыз деж къыщыщlидзащ:

– Къэбжыт, Наурыз, хьэрфхэр!

– А, Б, В, Г, Гу, Гъ – псыежэхым хуэдэу псынщlэу иражащ.

– Бжыгъэхэри къэбжыт.

– Зы, тlу, щы, плlы ... Нэхъ псынщlэжу къибжащ пщlым нэсыху.

– Сыту дэгъуэ дыдэу къыубжа! Псори фlы дыдэу зэбгъэщlащ. Афэрым! Афэрым, си щlалэ цlыкlу!

Ар зэрызэхихыу, Наурыз и тхылъылъэр зэщlикъуэжу щlидзащ.

– Сыт къэхъуар, щlалэ?– къоупщl егъэджакlуэр.

– Сокlуэж. Псори фlы дыдэу щызэзгъэщlакlэ, сэ мыбдежым щысщlэн щыlэжкъым.

Наурыз гуфlэгъуэшхуэр и махуэу жэрыгъэкlэ унэм нэсыжащ, егъэджакlуэри къыпэрыуакъым.

Имычэзууэ къэкlуэжа щlалэ цlыкlур щилъагъум, и анэм зыхуихьынур имыщlэу:

– Сыт къэхъуар, тlасэ? – йоупщl.

– Сэ афlэкlа еджапlэм сыкlуэжынукъым.

– Сыт щхьэкlэ? Къэхъуаlа?

– Псори фlы дыдэу зэзгъэщlащи, сэ абы сыщlэкlуэн щыlэжкъым.

– Алыхь-алыхь! Ар сыт гъэщlэгъуэн! Атlэ, сыт иджы дяпэкlэ пщlэнур?

– Сянэ! Сэ, уэр хуэдэу, узыфэlэзэу сылэжьэну сыхуейщ.

– Ара? Сыту фlыт! Армырами, сэ хуабжьу сырегъэш си лэжьыгъэми, зи мыхъуми, укъыздэlэпыкъунщ. Кхъылэ, иджыпсту щlэдзэ лэжьыгъэм. Мис, уи шыпхъур зэрысымаджэр уолъагъу. Абы къыхуэсщэхун хуей хущхъуэр схуэтхи, хущхъуэщым[1] сыкlуэнщи къыщысщтэнщ. Уэри уи шыпхъур бгъэхъужынщи, абыкlэ къыщlэбдзэнщ.

Наурыз и анэм къыжриIар зэрыхуэмыщIэнур къыгурыIуэжри, зэуэ и унафэр ихъуэжащ:

– Сянэ! Сэ, уэр хуэдэу, узыфэIэзэу сылэжьэну сыхуейкъым. Сядэ хуэдэу, инженеруэ сызэрылэжьэнур.

– Хъунщ, си тIасэ, узэрыхуей дыдэщ.

Пщыхьэщхьэм и адэр лэжьапIэм къикIыжащ, Iэпхъуантэ[2] Iувышхуэ иIыгъыу.

– Сядэ! ПщIэрэ, сэ абы адэкIэ еджапIэм сыкIуэжынукъым,– мэпкIатэлъатэ Наурыз.

– Iэгъу! Сыт щхьэкIэ? Апхуэдэу хъурэ?!

– Сэ псори фIы дыдэу зэзгъэщIащи, сыкIуэнукъымэ…

Къэхъуа-къэщIар и адэм гуригъэIуащ Наурыз.

– Ара?! Хъунщ, арамэ. АтIэ, сыт дяпэкIэ пщIэнур?

– Сядэ! Сэри, уэр хуэдэу, инженеру сылэжьэну сыхуейщ.

– Сыту фIыт! Армырами, мы проектыжьу сызэлэжьым си щхьэр игъэунэзащ щыуагъэ хэсщIыхьар къысхуэмыгъуэтыжуи, укъыздэIэпыкъунщ.

Адэм, проект итхъагъэшхуэ зыдэлъ папкэр къызэкIуэцIихри Iэнэкlыхьым триукъуэдиящ.

– КъакIуэт, мыбы схуеплъыт!

Наурыз зричащ, елэжьын и гугъэу, арщхьэкIэ итхъа нэшэкъашэ мэхьэнэншэхэм фIэкIа, абы езым зэригъэщIахэм щыщу зыри илъэгъуакъым. Еплъщ-къеплъри, зэуэ къыгурыIуащ Iуэхур зыIутыр.

– Сядэ! Сэ пщэдей аргуэру еджапIэм сыкIуэнущ.







[1] *Хущхъуэщ* – хущхъуэ тыкуэн (аптека).

[2] *Iэпхъуантэ* – дипломат.

«Лъэпкъ Iэщlагъэхэм ящыщу сытым нэхъ удихьэхрэ?» – жытIэу Нурым еджэ школакIуэхэм деупщIати, Шэджэм ЕтIуанэ дэт етIуанэ курыт еджапIэм и еджакIуэхэм я тхыгъэ къытIэрыхьахэщ:

## ЦЫ IУДАНЭ ВЫ ЕГЪЭЛЪЭПЭРАПЭ

«Си цIэр ***АЛО Викториещ***, 6-нэ классым сыщIэсщ.

Си нанэм зэрыжиIэжу щытамкIэ, адыгэхэм игъащIэ лъандэрэ зэрахьэ IэщIагъэхэм ящыщщ цым елэжьыныр, абы щыгъын зэмылIэужьыгъуэхэр, унагъуэр зыхуеину хьэпшыпхэр къыхэщIыкIыныр. Иджы хуздэу, пасэм щыгъуэ бзэр щыIэу абы кIуэрэ щыщахуэу щытахэкъым, зэрыбину ящыгъи, ялъыгъи, ящхьэрыгъи щащIыр, щагъэхьэзырыр адыгэ унагъуэрт. «Пасэрей адыгэхэм унагъуэм сэбэп къащыхуэхъуну дэтхэнэ зы IэщIагъэми хъыджэбз цIыкIур хуагъасэрт. Абы IэщIагъэкIи еджэн хуейкъым, ахэр Iуэху-IэщIагъэщ, дэтхэнэ зы адыгэ цIыхубзри лэгъупыIэмпIэкIэ, дэн-бзэнкIэ, гъавэм, цым зэрелэжьыпхъэр ищIэн хуейщ»,– жиIэу щытащ нанэ.



Си нанэм езым зэрыцIыкIурэ сытри цым къыхищIыкIыфу и анэм игъэсэжауэ щытащ. Ар иджыпсту псэужкъым, ауэ абы ищIа лъэпэдхэр, пIэ тепхъуэхэр зызохьэ. Абы и мызакъуэу, нанэ си анэр игъэсэ-



жауэ цым къыхищIыкIыурэ тхуещI лъэпэдхэр, щхьэнтэ телъхьэхэр, Iэлъэхэр, пщэдэлъхэр, пыIэ цIыкIухэр. Иджы сэри зызогъасэ а IэщIагъэ щхьэпэм. Зезгъэсауэ си гуащэ цIыкIухэм лъэпэд яхузощI. Си шыпхъу цIыкIум къыщалъхуа махуэм ирихьэлIэу пщэдэлъэрэ Iэлъэ цIыкIурэ хуэсщIыну зызогъэхьэзыр, абы зызогъасэ».

## МАСТЭ БЕЙЩ

«Сэ си цIэр ***АЛЭКЪЕЙ Инарэщ***, 8-нэ класс, Шэджэм ЕтIуанэ къуажэ.

Сэ зэрысщIэмкIэ, пасэм щыгъуэ адыгэ хъыджэбз цIыкIухэр хуагъасэрт бзылъхугъэ IэщIагъэхэм: дэн-бзэным, лэгъупыIэмпIэм (пщэфIэным), удз хущхъуэхэмкIэ цIыхум еIэзэным, фэм, цым зэрелэжьхэм. Зы адыгэ унагъуи щыIэу къыщIэкIынкъым мы IэщIагъэхэм щыщ иджыри зезымыхьэ.





Дэ ди унагъуэр къэсщтэнщи, си анэшхуэ Софи, си анэ Залини Іэпщ1элъапщ1эхэщ, я нэ зытеплъар ядыф. Сызэрыц1ык1урэ си нанэм: «Зыщ1 нэхърэ еплъ нэхъ Іэзэщ»,– жиІэурэ сыкІэлъегъэплъ, а ІэщІагъэр сэри къасщтэмэ фІэфІу, сыхуегъасэ дэнбзэным. Сэри си нанэ сигъэлъагъуурэ зезгъэсауэ гуащэ хьэпшыпхэр, сценэм папщ1э щыгъынхэр, к1эпхын ц1ык1ухэр, щхьэцым халъхьэ Іэмэпсымэхэр сод. Иджы адыгэ фащэм зыхузогъасэ. Сыхуейщ пасэрей адыгэ ц1ыхубз ІэщІагъэ дахэр сэри ІэщІагъэ схуэхъуну».

## ІЭЩІАГЪЭ ЗИІЭ ІЭУЖЬ ИІЭЩ

**БОРСЭ Эльдар,** 6-нэ класс.

Адыгэхэр игъащІэ лъандэрэ цІэрыІуэщ я ІэпщІэлъапщІагъымкІэ. Адыгэхэр зыхуеину щыгъынхэр, вакъэхэр, щІалэхэм шы Іэпслъэпсхэр фэм къыхащІык1ыу щытащ. Абы нэмыщІкІэ, мэш къэгъэкІынымкІэ, щакІуэнымкІэ, бжьэ гъэхъунымкІэ, Іэщ, шы лъэпкъыфІхэр къэгъэхъунымкІэ Іэзэу, гъущІым, дыжьыным, пхъэм сытри къыхащІык1ыфу щытахэщ. ЩІалэ цІыкІухэр хуагъасэт пхъэІэщэм, гъубжэм, шэмэджым, а Іэмэпсымэ псоми кІы зэрыфІальхьэм, ахэр зэращІым.

ГъущІым, дыщэ-дыжьыным елэжьыным, гъукІэным, абы зэрылэжьэн, зэрышхэн Іэмэпсымэхэр къыхэщІык1ынымкІэ къатекІуэ щыІакъым адыгэхэм, хъыбархэм къаззэрыхэщыжымкІэ. Куэд щІауэ адыгэхэм къадэгъуэгурыкІуэ ІэщІагъэщ ахэр, иджыри ящыгъупщэжакъым. Нобэми дэсщ ди къуажэм а ІэщІагъэхэм ирилажьэ, ирипсэу адыгэ унагъуэхэр.

Сэ си адэр илъэс куэд хъуауэ гъукІэщ. Абы гъущІым къыхимыщІыкІыф щыІэкъым. Си адэм ещІ унэбжэхэр, куэбжэхэр, дэкІуеипІэхэр, нэгъуэщІ куэди. Сэри сыдехьэх а ІэщІагъэм. Си адэм и гъусэу кІыщым сешэ, сыкІэлъегъэплъ ар зэрылажьэм.





*ФІыщІэ яхудощІ къытхуэтха еджакІуэхэм адыгэбзэмкІэ я егъэджакІуэ* ***АЛЭКЪЕЙ Милатинэрэ БЕКЪАН Масирэтрэ.***

ГУРТУЕВЭ Тамарэ

# Къазий – гъыринэ

Щlалэфl цlыкlут Къазий, ауэ зы хьэл мыхъумыщlэ хэлът абы. Сыту пlэрэт а мыхъумыщlэр? Фхуэсlуэтэнкъэ иджыпсту...

Адэмрэ анэмрэ а езыр зыхуейр зыхуригъэщlэн папщlэ ерыщ екlуэрт. «Хьэуэ», е «хъунукъым» къызэрыжраlэу и макъыр зэрылъэкlкlэ дрешейрти гъырт. Адэ-анэми, ар ямыгъагъын щхьэкlэ, худачыхыурэ Къазий цlыкlур гутехуэгъуей дыдэ хъуат.

Зы махуэ гуэрым Къазий и адэм кlэрыхъыжьащ, «лэжьапlэм сыздэшэ» жери. Здашэ зэрымыхъунур къыщыжраlэм, сыт ищlар? «Уэуэуитlыр си махуэщ!» жыхуиlэу, хьэблэр къигъэпсалъэу гъын щlидзащ. Адэми сыт ищlэнт? Махуэ псом гъынэнэнути, езыми фlэмыфlурэ здишащ.

А махуэм пщlантlэм дэкlыу а тlур зылъэгъуа адакъэмрэ хьэмрэ Къазий и хьэлыншагъэм хуабжьу иризэгуэпат. Адакъэр лъэбжьанэкlэ щlым хэпlэстхъащ. Хьэр гурымри тlысыжащ. Бжэнри зэгуэпауэ къэlуеящ.

Махуитl нэхъ дэмыкlыу, Къазий бэзэрым кlуэну ежьа и анэм зыкlэрищlауэ мэгъуэг: «Сэри сыздэшэ!» Сыт ищlэнт анэм? Здишэ хъунутэкъым. Абы хэту адакъэжьым, бжэным, хьэм Къазийуэ плъагъур къауххъуреихьри... Бжэныр къепсыурэ lуеящ, адакъэм и дамэхэр иутхыпщlурэ lуащ, хьэри зэм пщlэууэ, зэм банэу Къазий имыгъакlуэу къыхуилъащ.

А lэуэлъауэм зэхуишэса и ныбжьэгъу цlыкlухэр Къазий къыщилъагъум – укlытэжащ. Ахэр дыхьэшхырт:

– Къазий – гъыринэ! Къазий – нэкlэпсыжэ!.. – жаlэурэ.

Абы лъандэрэ Къазий и гъыныр щигъэтащи, адэри анэри мэгуфlэ. Езы цlыкlури фlыуэ илъагъу и ныбжьэгъухэм ящоукlытэри гъыну хуеижкъым. Адакъэжьри, хьэри, бжэнри иджы Къазий къыдоджэгу. Хьэблэри тыншыжащ.





# ШкIащIэ

Алим, Хьэлым, Мэржан, Налжан, Аружан сымэ зэдэлъхузэшыпхъущ. Дыгъуасэ абыхэм я гъунэгъум я жэмыр лъхуащ.

ЦIыкIухэр зэрызехьэу щIэпхъуат шкIащIэм еплъыну. Арщхьэкlэ, ялъэгъуар езыхэм я нэгу къыщIагъэхьам ещхьтэкъым. ШкIэр цIынэ цIыкIут. Жэмым фIыуэ имыбзеяуэ бэлацэт. Иджыри гъущатэкъым, и лъакъуэ цIыкIухэр щIэжурэ цIантхъуэрти, зэм ижьымкIэ, зэми сэмэгумкIэ ещIэрт. ЦIыкIухэр абы зыкъомрэ кIэлъыплъащ, шкIэм къызэримыжыхьыр яфIэгъэщIэгъуэну. ИкIэм икIэжым, шкIащIэр, гугъу ехьурэ, и лъакъуиплIымкIи щыувым, цIыкIухэр арэзыуэ щIэпхъуэжащ.

ЕтIуанэ пщэдджыжьым сабийхэр шкIащIэм еплъыну ежэкIащ. Арщхьэкlэ, дыгъуасэ ялъэгъуам зыкIи ещхьыжтэкъым а цIыкIур. Ар пкIэрт, дэлъейрт, къэувыIэжырти, аргуэру дэпкIейрт. И лъакъуэ цIыкIухэр шэщIауэ тригъэувэурэ ар сабийхэм къабгъэдэлъадэрти, и нэ топ дахэхэр къатриубыдэурэ ахэр зэпиплъыхьт.

Iус хуабэ зэрылъ фалъэшхуэ иIыгъыу нанэ къыщыIухьэм, жэмыжьыр къэбууащ. Нанэ ар Iэфlу игъэшха нэужь, и пщэм, и джабэхэм Iэ дилъэурэ зэпилъэщIыхьри шкIащIэр щIиутIыпщхьащ. ИщIэртэкъэ нанэ мамыжьыр иджыпсту зыщIэхъуэпсыр – и шыр цIыкIур игъэтхъэжыну зэрыпэплъэр!

ГуфIэгъуэшхуэр къызыIухуа шкIащIэр тхъэжу мамыжь и шхуэлым иджы щIэпIыртIыхьырт. Модрейри, зэзэмызэ щхьэхынэу къызэплъэкIырти, и бзэгу пхъашэшхуэмкIэ шкIащIэм и цыпэ щабэр зэщIибзаерт.

Шэ ефэнкIэ зызыгъэнщIа шкIащIэр иджы лъейуэ сабийхэм къабгъэдэлъэдэжащи, дунейр хуримыкъуу къадоджэгу. Арыххэуи, ар къоувыIэ, Алим сымэ къахоплъэри, «Дыкъызэдэвгъажэ!» жиIэ хуэдэ, цIывауэ щIопхъуэ.

# Шэнт цIыкIу

Русланрэ Iэминэрэ зэдэлъхузэшыпхъущ. Iэминэ илъэситIкIэ Руслан нэхърэ нэхъыщIэщ. А тIум зэгъусэу сурэт ятрыригъэхыну анэм къалэм здишащ.

Сурэттехым шэнт дахэ цIыкIу къигъэувауэ Руслан жреIэ:

– Уэ шэнтым тетIысхьэ, уэри, пщащэ цIыкIу, – зыхуегъэзэ абы Iэминэ, – уи дэлъхум бгъэдэувэ.

Я анэми Iэминэ зыхуегъэзэри:

– Уи Iэр телъхьэ Руслан и дамэм... Арщхьэкlэ и дэлъхур зытес шэнт дахэ цIыкIум Iэминэ ехъуэпсащи, къызэIынауэ Руслан йоIунщI.

Сурэттехыр а тIум йожьэри щытщ. Сыт хуэдэ сурэт абыхэм ятекIынур?

Хэту пIэрэ шэнт цIыкIум тесын хуейр?

ЗыгъэщIэрэщIар
*РАСТОРГУЕВЭ Кристинэщ*



Къалэкlыхьым (Прохладнэ) щыщ ***АПЭНЭС Инал*** и ныбжьыр илъэсих фlэкlа мыхъуми, икъукlэ щlалэ жыджэр цlыкlущ. Ар уэрэд жыlэнми, къэфэнми, сурэт щlынми, усэ къеджэнми дехьэх. Дихьэх къудейкъым – а псоми ехъулlэныгъэхэр щиlэщ, зэпеуэ куэдым и лауреатщ икlи дипломантщ. Псалъэм щхьэкlэ, 2016 гъэм Есэнтlыгу (Ессентуки) къалэм щекlуэкlа «Россием и макъ» – эстрадэ уэрэдымкlэ Россиепсо фестиваль-зэпеуэм дипломым щlыгъуу кубок къыщыхуагъэфэщащ, «Текlуэныгъэшхуэм и щlэблэ» усэ къеджэнымкlэ 2-нэ фестиваль-зэпеуэм диплом къыщихьащ. 2015 гъэм вальс хуэм къэфэнымкlэ, 2016 гъэм спортивнэ къафэмкlэ 2-нэ увыпlэр къызэрихьахэмкlэ дипломхэмрэ кубокхэмрэ иlэщ, ныбжьыщlэхэм я сурэт гъэлъэгъуэныгъэу 3-м хэтащ.

# ІЭПЩІЭЛЬАПЩІЭ






# Къэщlэрей

1. Псалъэзэблэдзым итын хуей псалъэхэр усэ сатырхэмкlэ вгъэнахуэ (къафщlэ).













**1** ...-хэр зэрызохьэ,
Кърухэр мэлъэтэж...

**2** Феплъыт модэ мо ...-м,
Тесу нэху къекlащ ди дум.

**3** ...-жьыр къытщхьэщыхьэм,
Си дамитlыр фи тепlэнщ...

**4** ...-р дыгъуэрабзу
Сэ си фlэщ мыхъуат...

**5** Жумэ-жумэ, ...,
Къыумыхь нанэ и губгъэн.

**6** ...-м и кlэр дыкъуакъуэщ,
И фэр щlакlуэу фlыцlабзэщ.

2. Псалъэзэблэдзым ифтхэжа псэущхьэхэм, къуалэбзухэм я сурэтхэмрэ абыхэм зэреджэхэмрэ бжыгъэкlэ зэхуэфхьыж.

3. Псалъэзэблэдзым имыта псэущхьэхэм, къуалэбзухэм зэреджэр къафщlэ, мыбдеж щыфтх. Бжыгъэхэр сурэтхэм ябгъэдэт хъурейхэм ивгъэувэж.

| | |
|---|---|
| 7 | |
| 8 | |
| 9 | |

4. Сыт хуэдэ псалъэ псалъэзэблэдзым ифтхэжахэм хэмызагъэр? Сыт щхьэкlэ?

5. Плъыжьу къыхэгъэща зэпэплlимэхэм ивгъэува хьэрфхэр къыхэфтхыкl. 10-нэ къыдэкlыгъуэм тета лэжьыгъэхэм къыхэфтхыкlа хьэрфхэмрэ мы лэжьыгъэм къыхэфтхыкlахэмрэ зы псалъэ къахэфщlыкlи мыбы ифтхэ. Хэт апхуэдэу зыжраlэр?

Зыгъэхьэзырар
***БЕКЪАН Масирэтщ***

Фи лэжьыгъэхэр евгъэхь мы электроннэ адресымкlэ: masirat-bekanova@mail.ru

# НУРЫМ И ГЪУДЖЭ




**МЫРЗЭКЪАН Иннэ,** Малкэ къу.,
5-нэ класс.


*Ежемесячный журнал для детей «Нур»*

Издается
С 1 января 1982 года
№ 11 2016 г.

**Учредители:**
Государственный комитет Кабардино-Балкарской Республики по печати и массовым коммуникациям
Общественная организация «Союз писателей КБР»

И. о. главного редактора
**Б. М. АБРОКОВА**

Редколлегия:
**Х. КАРМОКОВ**
**А. КАРМОВА**
**Е. ТХАМОКОВА**
**Х. ТИМИЖЕВ**
**П. ХАТУЕВ**

Художественный редактор
**М. ХАЛИЛОВА**

Компьютерный набор и вёрстка
**Н. РАСТОРГУЕВОЙ**

Свидетельство о регистрации № ПИ № ТУ07 00103 от 24 декабря 2014 г. Управление Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по КБР.

Подписано к печати
09.11.2016 г.
Выход в свет 28.10. 2016 г.

Формат 60х90 $^1/_8$
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Minion Pro, Times New Roman, beer money, BIP
Печать офсетная
Усл.печ.л. 2
Усл.кр.-отт 8
Уч.-изд.л. 2,7

Тираж 1990 экз.
Заказ № 759
Индекс 73912
**Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 12,47 руб.; за 6 мес.– 74,82 руб.**

Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5.
Тел.: **42-75-30, 42-17-53**
**nur46@mail.ru**

Адрес издателя: 360017, г. Нальчик, пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР – Медиа». Дом печати.

Отпечатано
ООО «Печатный двор»
360030, КБР, г. Нальчик,
ул. Калюжного, 1
printhouse07@gmail.com,
Тел./факс 8(8662) 74-11-33.